



Batri ki gen iyon lityòm yo KONSEY POU SEKIRITE



Konsèy Sekirite #FDNYSmart yo pou Aparèy ak Batri ki gen iyon Lityòmladan yo

Yo itilize Batri ak pil ki gen iyon lityòm yo nan plizyè aparèy. Batri sa yo souvan itilize nan telefòn selilè, laptòp, tablèt, machin elektrik ak skoutè Batri ak pil ki gen iyon lityòm yo konsève anpil enèji epi yo ka reprezante yon menas si yo pa trete yo byen. Tankou nenpòt pwodwi, sèlman yon ti kantite nan pil sa yo konn gen defo ladann. Yo ka chofe, pran dife oswa eksplode.

Ou dwe #FDNYSmart si w ap itilize nenpòt aparèy ki mache ak pil ki gen iyon lityòm ladan I:

- Lè w ap achte aparèy, asire w ke ekipman an gen Mak Underwriters Laboratories (UL) a. Mak UL la ap pèmèt ou asire ou ke pwodwi a te teste pou sekirite.
- Toujou swiv enstriksyon ke manifakti a bay konsènan fason pou ou chaje ak jete batri a.
- Pa chaje yon aparèy anba zòrye ou, sou kabann ou oswa yon kanape.
- Toujou sèvi ak kab ak adaptè ke manifakti a fè espesyalman pou aparèy la.
- Kenbe pil/aparèy la nan yon tanperati anbyan. Pa mete li yon konte lap an kontak direkteman ak limyè oswa reyon solèy yo.
- Sere pil yo lwen nenpòt pwodui ki ka pran dife.
- Si yon batri chofe oswa ou remake yon odè, chanjman nan fòm/koulè, koule, oswa bri pètpè nan yon aparèy sispann itilize aparèy la imedyatman. Si w santi ou an sekirite pou w fè sa, deplase aparèy la lwen nenpòt bagay ki ka pran dife epi rele 9-1-1.

Fason pou ou jete batri yo:

- La lwa entèdi ou mete pil ki gen iyon lityòm nan nan fatra oswa resikle li nan kay ou.
- Ou kapab pase depoze batri nan yon enstalasyon ki fèt pou resikle batri resikle oswa vizite nyc.gov/batteries pou enstriksyon sou opsyon ki pi bon yo lè ou ap jete yon batri
- Mete chak grenn batri nan yon sachè epi tepe li anvan ou jete li.



fdnysmart.org

Pou Edike abitan Nouyòk yo



rev. 060321-05